

**TRADHISI RUWAT DHUSUN SUKCI DESA BULUSARI KECAMATAN GEMPOL  
KABUPATEN PASURUAN  
(TINTINGAN FOLKLOR)**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
Citra Rakhmania  
16020114020**

**PRODI PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA JAWA  
JURUSAN PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA DHAERAH  
FAKULTAS BASA LAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
2020**

**TRADHISI RUWAT DHUSUN SUKCI DESA BULUSARI KECAMATAN GEMPOL  
KABUPATEN PASURUAN  
(TINTINGAN FOLKLOR)**

**Citra Rakhmania**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[citrarakhmania16020114020@mhs.unesa.ac.id](mailto:citrarakhmania16020114020@mhs.unesa.ac.id)

**Yohan Susilo, S.Pd., M.Pd.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci yaiku tradhisi kang ditindakake kanthi tujuwan kanggo mujudake rasa syukur marang Gusti supaya diwenehi kalancaran anggone ngadhepi panguripan. Tradhisi iki tuwuh amarga anane rasa kapitayan masyarakat kanggo ngleksanani tradhisi kasebut. Panliten iki dikarepake bisa menehi pamawas tumrap masyarakat sarta kanggo nglestarikake kabudayan Jawa.

Underane panliten sajrone panliten iki, yaiku: 1) mula bukane; 2) tata lakune; 3) jinis ubarampe; 4) makna kang kinandhut; 5) fungsi kang kinandhut; sarta 6) nilai budaya kang kinandhut. Adhedhasar underane panliten kasebut, tuwuh anane ancasa panliten, yaiku: 1) ngandharake mula bukane; 2) ngandharake tata lakune; 3) ngandharake jinis ubarampe; 4) ngandharake makna kang kinandhut; 5) ngandharake fungsi kang kinandhut; sarta 6) ngandharake nilai budaya kang kinandhut.

Methodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang ana ing panliten iki yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Dhata kang diasilake awujud dhata lesan lan ora lesan. Objek panliten kang digunakake yaiku Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci. Instrumen panliten iki awujud panliti, dhaptar pitakonan, sarta piranti pambiyantu. Teknik pangumpulane dhata lumantar observasi, wawancara, lan dhokumentasi. Babagan teknik analisis dhata migunakake analisis dheskriptif.

Asil panliten iki nuduhake wiwitane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci kang ditindakake dening para warga kanggo wujud syukur marang Gusti. Tata laku sajrone panliten iki yaiku titi siyaga, titi laksana, lan titi purna. Ubarampe kang digunakake arupa sega kuning, tumpeng, pala pendhem, sarta cok bakal. Saben ubarampe nduweni makna kang dadi kapitayan masyarakat. Fungsi sajrone tradhisi iki yaiku minangka sistem proyeksi, piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, piranti pendidikan, piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan. Saliyane iku, uga ana fungsi liya yaiku minangka piranti hiburan, piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, solidaritas sosial, nglestarikake budaya, lan ekonomi. Nilai budaya sajrone panliten iki yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, gegayutan manungsa marang alam donya, lan gegayutane manungsa minangka makhluk sosial.

**Tembung wigati : Tradhisi, Ruwat Dhusun, lan Folklor.**

**PURWAKA**

**1.1 Landhesan Panliten**

Kabudayan yaiku asil budi lan dayane manungsa. Kabudayan iku tuwuh sarta ngrembaka ing satengah panguripan manungsa saben dhaerah lan nduweni makna uga simbol kang maneka warna. Kabudayan-kabudayan kang ana ing satengah panguripan manungsa saben dhaerah iku nduweni wujud kang beda antarane siji lan sijine. Koentjaraningrat (2002:180) ngandharake yen kabudayan iku minangka sakabehane angen-angen lan olah ciptane manungsa, sarta sakabehane asil budi lan dayane kang kudu dipakulinakake kanthi cara sinau.

Kabudayan iku nuwuhake kapitayan, kawruh, agama, pakulinan ing saben dinane manungsa kang urip ing bebrayan. Babagan-babagan kasebut tuwuh amarga bangsa Indonesia kagolong bangsa kang dumadi saka pirang-pirang pulo saengga nduweni warna suku bangsa lan kabudayan kang beda. Ing bebrayan, salah sawijine kabudayan kang isih ngrembaka yaiku kabudayan dhaerah arupa kabudayan Jawa kang adiluhung saha ngandhut kawruh.

Sudikan (2001:4-5), corak kabudayan kaperang dadi telung perangan. Kapisan, kabudayan suku bangsa utawa dhaerah, tegese yaiku kabudayan kang kedadeyan

saka kumpulan saperangan manungsa kang kaiket kesadharan lan dadi pengenalan tumrap dhaerah tartamtu. Kapindho, kabudayan lokal, kabudayan iki bisa dideleng saka kahanan kang ana ing panguripane manungsa lan dilandhesi karo norma-norma sosial. Katelu, kabudayan nasional, kabudayan kang adiluhung minangka punjere kabudayan kang maneka warna jinise. Saka perangan-perangan kasebut nuduhake menawa bangsa Indonesia nduweni ragam budaya kang maneka warna lan bisa dideleng saka jinis-jinis kabudayane dhewe-dhewe.

Kabudayan lokal kang ngrembaka lan narik kawigaten kanggo dionceki kanthi jangkup salah sawijine yaiku ngenani folklor. Folklor yaiku separone saka kabudayan kolektif kang kasebar lan cara pewarisane kanthi turun-temurun. Miturut Danandjaja (2007:21-22) wujud folklor dibedakake dadi telung perangan, yaiku folklor lesan, folklor setengah lesan, sarta folklor dudu lesan. Kaping pisan folklor lesan, awujud murni utawa lesan, disebarake, diciptakake, lan diwarisake kanthi lesan. Tuladhane yaiku basa rakyat, paribasan, geguritan rakyat, pitakonan tradhisional, crita prosa rakyat, lan lelagon dhaerah. Kaping pindho folklor setengah lesan, awujud saka folklor lesan uga folklor dudu lesan. Tuladhane kapitayan rakyat, dolanan rakyat, theater rakyat, tari rakyat, pesta rakyat, lan upacara rakyat. Kaping telu minangka pungkasan perangan wujud folklor yaiku wujud folklor dudu lesan, folklor kang wujud ora lesan nanging cara migunakake diandharake kanthi lesan, biyasane awujud artefak. Tuladhane arsitektur rakyat, kerajinan tangan rakyat, klambi tradhisional, obat-obatan tradhisional, lan panganan tradhisional.

Jinis folklor kang isih ngrembaka ing bebrayan yaiku salah sawijine ngenani kabudayan lokal. Kabudayan lokal iku kagolong folklor setengah lesan amarga awujud saka folklor lesan uga folklor dudu lesan. Tuladhane kabudayan lokal kayata upacara rakyat awujud tradhisi-tradhisi kang kaleksanan ing dhaerah-dhaerah tartamtu kang maneka warna ragame. Antarane dhaerah siji lan sijine kadang ana pambada saka tatacara, ubarampe, lan liya-liyane. Nanging, sejatine tujuwane iku padha kaya umume. Babagan kasebut gumantung saka dhaerahe dhewe-dhewe lan ora ngowahi tujuwan satenane tradhisi kasebut kanggo apa.

Salah sawijine kabudayan lokal kang misuwur ing dhaerah Pasuruan nganti saiki yaiku kabudayan lokal kang ana ing Dhusun Sukci, Desa Bulusari, Kecamatan Gempol kang manggon ing Pundhen Prasasti Cungggrang arupa tradhisi ruwat dhusun. Tradhisi ruwat dhusun iki kalebu kabudayan kang isih dilestarikake. Tradhisi kasebut minangka warisan saka para leluhur kang diwarisake lan ngrembaka nganti saiki. Bab-bab kang narik kawigaten

masyarakat sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci, Desa Bulusari, Kecamatan Gempol, Kabupaten Pasuruan yaiku dilaksanani saben setaun sapisan ing sasi Suro utawa Besar, dilaksanani kanthi cara gedhen-gedhenan, para warga nyengkuyung anane tradhisi ruwat dhusun iki wiwit jaman biyen nganti saiki, papan panggonan kanggo nglaksanakake tradhisi ruwat dhusun iki ing sakupenge Pundhen Prasasti Cungggrang kang dipercaya nduweni unsur magis kanggo nguripake tradhisi ing dhaerah iki, wujud lan makna ubarampe tradhisi ruwat dhusun, sarta anane kapitayan-kapitayan saka masyarakat.

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci, Desa Bulusari, Kecamatan Gempol, Kabupaten Pasuruan iki kagolong tradhisi kang ajeg dilakoni dening warga Dhusun Sukci. Tradhisi iki minangka wujud pandonga warga Dhusun Sukci supaya adoh saka balak. Saliyane iku, tradhisi iki minangka wujud rasa syukur warga marang Gusti amarga wis diwenahi berkah. Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki dilakoni ing Pundhen Prasasti Cungggrang amarga panggon kasebut dianggep sakral karo warga Dhusun Sukci. Wiwitan anane tradhisi iki amarga anane pageblug. Banjur, warga nganakake tradhisi iki supaya diadohake saka babagan kang ora becik. Mula saka iku, tradhisi iki saben taun sapisan dilakoni dening warga Dhusun Sukci. Sajrone tradhisi iki, ngandhut tata laku kang wis disusun dening para warga. Saliyane iku, uga ana ubarampe kang kudu disiyapake. Ubarampe kang digunakake iki ngandhut makna kang wis dadi kapitayan masyarakat wiwit biyen. Tradhisi Ruwat Dhusun iki uga ngandhut fungsi sarta nilai budaya kang becik kanggone masyarakat.

Panliten ngenani tradhisi ruwat dhusun iki minangka salah sawijine tuladha kanggo nguri-nguri budaya Jawa supaya tetep lestari lan ngrembaka maneh. Saliyane iku, supaya ora ilang ing jaman-jaman sabanjure lan ora kalah karo budaya-budaya manca kang luwih disenengi bebrayan ing jaman saiki. Saka pamawas-pamawas kang wis diandharake ing ndhuwur, ndadekake pepenginan panliti kanggo mbabar lan njlimeti ngenani Tradhisi Ruwat Dhusun supaya ora cures lan tansah ngrembaka. Panliti bakal ngandharake kanthi migunakake analisis kang bakal ditintangi babagan mula bukane tradhisi ruwat dhusun, tata laku, jinis, makna, lan fungsi ubarampe, sarta nilai budaya kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci. Panliten iki mujudake dheskripsi budaya kang ngandharake nilai-nilai sawijining budaya Jawa kanthi tujuwan kanggo nguri-uri uga ngrembakakake kabudayan Jawa supaya tansah kajaga. Panliten iki dikarepake bisa mbangun pamikiran para mudha kanggo mbangun semangat sarta kesenangan kanggo ngrembakake uga njaga lan nyengkuyung budaya-budaya Jawa warisan saka para leluhur wiwit jaman biyen.

## **1.2 Underane Panliten**

Punjere panliten kang ana gegayutane karo tradhisi kasebut bisa diprinci kanthi pitakonan ing ngisor iki.

- (1) Kepriye mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?
- (2) Kepriye tata laku adicara Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?
- (3) Apa wae jinis ubarampe kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?
- (4) Kaepriye makna kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?
- (5) Kepriye fungsi kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?
- (6) Kepriye nilai budaya kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci?

## **1.3 Ancase Panliten**

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur, panliti nduweni ancas kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.
- (2) Ngandharake tata lakune adicara Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.
- (3) Ngandharake jinis ubarampe kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.
- (4) Ngandharake makna kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.
- (5) Ngandharake fungsi kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.
- (6) Ngandharake nilai budaya kang kinandhut sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.

## **1.4 Paedahe Panliten**

Paedahe sajrone panliten iki kaperang dadi loro yaiku kanthi teoritis lan kanthi praktis, kaya ing ngisor iki.

- (1) Paedah Teoretis  
Saka panliten iki dikarepake bisa njlentrehake Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci. Saliyane iku, supaya migunani kanggo nyumbang kawruh ing bidhang budaya mligine ngenani folklor setengah lesan.

- (2) Paedah Praktis  
Panliten iki dikarepake bisa nambahi kawruh para pamaca. Asil panliten iki bisa ngolehake informasi babagan sejarah, fungsi, makna, ubarampen, nilai budaya uga pandhangan bebrayan ngenani Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci. Kanggo panulis, supaya bisa nambah pamawas, pangalaman, wawasan, sarta kawruh babagan folklor setengah lesan sarta kabudayan utamane ngenani tradhisi. Kanggo panliti liyane, diajab supaya bisa dadi referensi panliten sabanjure kang saemper. Kanggo Pamarentah Kabupaten Pasuruan, bisa didadekake bahan dhokumentasi. Pungkasane kanggo masyarakat

Dhusun Sukci, supaya dadi sumber informasi ngenani Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci uga minangka piwulang tumrap bocah-bocah supaya bisa nguri-uri budaya.

## **1.5 Wewatesane Tetembungan**

Panliten iki bakal diwatesi supaya ora uwal saka panjlentrehan. Tembung kang digunakake, yaiku:

- (1) Folklor  
Folklor nduweni teges saperangan kabudayan kang salah sawijine sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun tenurun, ing jinis kolektif apa wae, kanthi tradhisional nanging versine bisa beda-beda, dene ing wujud lesan kanthi migunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu (Dananjaja, 2007:1-2).
- (2) Folklor Setengah Lesan  
Folklor setengah lesan, awujud saka campuran unsur lesan lan unsur kang ora lesan. Tuladhane drama rakyat, tari rakyat, kapitayan, upacara-upacara tradhisional, dolanan tradhisional, sarta hiburan (Dananjaja, 2007:1-2).
- (3) Tradhisi  
Tradhisi iku kabiasaan kang dileksanani kanthi terusterusan wiwit mbiyen nganti saiki tumrap bebrayan lan diwarisake kanthi turun temurun.
- (4) Ruwat Dhusun  
Ruwat dhusun yaiku tradhisi kang dilakoni warga Dhusun Sukci. Ruwat dhusun iku wilujengan ing papan lan wektu tartamtu kanggo ngluwar sakabehane balak lan siku kang wis kedadeyan lan nyingkrihake sakabehane balak lan siku kang bakal teka.
- (5) Pundhen Prasasti Cungggrang  
Prasasti Cungggrang yaiku paninggalan Kerajaan Mataram Kuno lan panggone ana ing Dhusun Sukci. Prasasti cungggrang iki tandha mula bukane Kabupaten Pasuruan. Pundhen Prasasti Cungggrang yaiku pundhen kang isine arupa Prasasti Cungggrang kang ditulis dening Mpu Sindok.

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

### **2.1 Panliten Saemper**

Panliten kang ditindakake Dalili Zata Dini (2017) Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, kanthi irah-irahan “Tradhisi Ruwat Dhusun Ing Candhi Belahan (Tintingan Budaya)”. Panliten iki ngrembug tradhisi ruwat dhusun ing Candhi Belahan. Panliten iki dadi panliten kang saemper amarga ngrembug ngenani tradhisi ruwat dhusun.

Panliten kang saemper liyane ditindakake Yuli Arwati (2018) Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan,



Universitas Lampung, kanthi irah-irahan “Ruwat Desa Di Kelurahan Gunung Sulah Kecamatan Wayhalim Bandar Lampung”. Panliten iki ngrembug tradhisi ruwat desa ing Kelurahan Gunung Sulah. Panliten iki dadi panliten kang saemper amarga ngrembug ngenani ruwatan.

Panliten kang saemper liyane ditindakake Ahmad Muhammad (2009) Jurusan Aqidah Filsafat, Fakultas Ushuluddin, Institut Agama Islam Negeri Sunan Ampel, Surabaya, kanthi irah-irahan “Studi Tentang Tradisi Upacara Ruwat Desa Di Desa Begaganlimo Kecamatan Gondang Kabupaten Mojokerto (Dalam Perspektif Filsafat Nilai Max Scheler)”. Panliten iki ngrembug kabudayan lokal ing Desa Begaganlimo yaiku tradhisi ruwat desa. Panliten iki kalebu panliten kang saemper amarga ngrembug ngenani ruwatan.

Panliten kang saemper liyane yaiku ditindakake Ilham Abadi & Soebijantoro (2016) Universitas PGRI Madiun, kanthi irah-irahan “Upacara Adat Ruwatan Bumi Di Kelurahan Winongo Kecamatan Manguharjo Kota Madiun (Latar Sejarah, Nilai-Nilai Filosofis, Dan Potensinya Sebagai Sumber Pembelajaran Sejarah Lokal)”. Panliten iki ngrembug kabudayan lokal ing Kelurahan Winongo yaiku tradhisi ruwatan bumi. Panliten iki kalebu panliten kang saemper amarga ngrembug ngenani ruwatan.

## **2.2 Konsep Masyarakat Jawa**

Masyarakat iku saperangan wong kang urip bebarengan banjur nyengkuyung kabutuhan urip sekabehane pawongan kang ana ing sajrone klompok tartamtu kanthi cara tulung-tinulung (Soekanto, 1993:30). Manungsa ora bisa urip tanpa pitulung manungsa liyane. Menawa miturut Gillin (sajrone Koentjaraningrat, 2002:146), masyarakat iku manungsa kang nduweni gegayutan karo manungsa liyane kang ana sambung rakete karo tatanan urip kayata norma, adat istiadat kang ana gegayutane karo rasa paseduluran. Masyarakat Jawa minangka salah sawijine masyarakat kang isih ngleluri kabudayan kang ana ing tanah Jawa. Ana ing ngendi wae uripe, masyarakat Jawa isih dianggep perangan saka masyarakat Jawa yen isih nglestarikake budaya Jawa.

## **2.3 Konsep Kabudayan Jawa**

Kabudayan kang diduweni masyarakat Jawa bisa didadekake pedhoman kanggo urip ing bebrayan. Koentjaraningrat (sajrone Sulaeman, 1998:11) ngandharake tembung kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku buddayah kang nduweni teges akal utawa budi utawa pamikiran. Tembung kabudayan utawa budaya ing teges kang sempit, nduweni teges pamikiran, karya, lan asil saka karya manungsa kang ngemu surasa

kaendahan (Sulaeman, 1998:11). Kabudayan minangka sakabehane pakulinan, tatacara, gagasan, sarta nila-nilai kang disinaoni lan bisa diwarisake. Kabudayan iku kayadene kawruh, seni, hukum, moral, lan basa.

## **2.4 Konsep Tradhisi**

Tradhisi iku pakulinan kang diwarisake kanthi turun temurun saka para leluhur kang ditindakake masyarakat ing urip bebrayan, nduweni pambiji utawa tanggapan yen cara-cara kang dilakoni iku wis trep, becik, lan bener. Miturut Poerwadarminta (1976:188) tradhisi iku minangka sakabehane adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur. Adat nduweni teges tumindak samubarang kang wis dadi pakulinan ing masyarakat, uga bisa nduweni makna kang amba kayadene kompleks panguripan. Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen tradhisi iku ngrembaka lan owah miturut kahanan kang ana, tradhisi ing masyarakat bakal ditindakake lan diterusake para masyarakat yen tradhisi iku dirasa nduweni paedah, kosok baline yen tradhisi iku mau ora nduweni piguna mula bakal ditinggalake.

## **2.5 Konsep Folklor**

Folklor nduweni teges saperangan kabudayan kang salah sawijine sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun tenurun, ing jinis kolektif apa wae, kanthi tradhisional nanging versine bisa beda-beda, dene ing wujud lesan kanthi migunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu (Dananjaja, 2007:1-2). Folklor bisa diperang adhedhasar tipene. Miturut Brunvand (sajrone Hutomo, 1991:8-9) folklor bisa diperang dadi telu, yaiku: (1) Folklor lesan, wujud pancen lesan, kayata ungkapan tradhisional, lelagon rakyat, puisi rakyat, pitakonan tradhisional, lan cerita rakyat; (2) Folklor setengah lesan, wujud saka campuran unsur lesan lan unsur kang ora lesan, kayata drama rakyat, tari rakyat, kapitayan, upacara tradhisional, dolanan tradhisional, sarta hiburan; (3) Folklor dudu lesan, wujud ora lesan senajan diwulangake kanthi cara lesan, kayata arsitektur, sandhangan, panganan, obat-obatan tradhisional, alat musik, lan seni kerajinan, sarta musik lan basa isyarat.

## **2.6 Konsep Makna Simbol**

Konsep makna miturut Fisher (sajrone Sobur, 2015:19) iku konsep kang abstrak kang ana ing sajrone dhiri manungsa. Makna sajrone KBBi yaiku andharan, jlentrehan panutur utawa panulis. Makna iku proses aktif kang ditafsirake pawongan sajrone pesen. Ana telung babagan diandharake kang ana sambung rakete karo ngandharake teges makna. Telung babagan kasebut, yaiku: (1) ngandharake makna kanthi alamiah, (2)

ndheskripsikake ukara kanthi alamiah, sarta (3) ngandharake makna sajrone proses komunikasi (Kempson, sajrone Sobur, 2015:23). Mula saka iku, teges makna yaiku teges kang nduweni akeh teges.

## **2.7 Konsep Fungsi**

Folklor iku nduweni piguna ing panguripane masyarakat. Fungsi kang digunakake ing panliten iki yaiku fungsi miturut Bascom amarga dianggep luwih trep. Fungsi kang ditemokake ana pitu, nanging miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 2007:19) saka fungsi utamane diperang dadi papat, yaiku (1) minangka sistem proyeksi, sarana piranti kang dadi pangangen salah sawijine kolektif, (2) minangka piranti kang digunakake kanggo ngesahake pranata-pranata sarta lembaga-lembaga kabudayan, (3) minangka piranti kanggo sarana pendhidhikan bocah-bocah, (4) minangka piranti kang digunakake kanggo pameksan sarta pengawas supaya norma-norma digugu dening masyarakat. Saliyane fungsi utama, uga ana fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pangrembaka analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku (1) minangka piranti hiburan, (2) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, (3) fungsi solidaritas sosial, (4) kanggo nglestarike budaya, lan (5) fungsi ekonomi.

## **2.8 Konsep Nilai Budaya**

Saben masyarakat nduweni tatanan nilai-nilai sosial lan budaya kang bisa digunakake kanggo modhal sosial bangsa. Tumaindake masyarakat kang wis kacampuran tradhisi, amarga didhasari karo nilai-nilai kang dipercaya kabenerane iki yaiku wujud saka kearifal lokal (H. Iin Wariin Bayari, 2014). Masyarakat ora bisa uwal saka nilai-nilai tradhisi lan budaya kang diwarisake saka generasi siji marang generasi sabanjure. Nilai-nilai budaya lokal kang unggul kudu dipandhang minangka warisan sosial. Budaya kasebut diyakini nduweni nilai kang wigati kanggo martabat bangsa. Mula saka iku, nilai budaya tumrap generasi panerus yaiku babagan kaniscayan. Miturut Djamaris (1993:2) ngandharake nilai budaya kang ana gegayutane karo panguripane manungsa iku bisa kaperang dadi telu, yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, nilai budaya gegayutan manungsa marang alam donya, sarta nilai budaya gegayutan manungsa minangka makhluk sosial.

## **2.9 Landhesan Analisis**

Kanggo nitingi landhesan prekara utawa underane panliten mula bukane migunakake konsep folklor miturut Danandjaja (2007:1-2). Diandharake yen folklor nduweni teges saperangan kabudayan kang salah sawijine sumebar

sarta diwarisake kanthi cara turun tenurun ing jinis kolektif apa wae kanthi tradhisional, nanging versine bisa beda-beda. Dene ing wujud lesan kanthi migunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu. Kang ana gegayutane karo panliten iki yaiku folklor setengah lesan awujud kang saka campuran unsur lesan lan unsur kang ora lesan.

Ngenani tata lakune migunakake konsep miturut Danandjaja (2007:1-2) kang ngandharake yen folklor nduweni teges saperangan kabudayan kang salah sawijine sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun tenurun ing jinis kolektif apa wae kanthi tradhisional, nanging versine bisa beda-beda. Dene ing wujud lesan kanthi migunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu. Saka andharan kasebut, bisa dimangerteni yen anane tata laku iki diwarisake saka para leluhur kang ditindakake kanthi cara turun temurun.

Babagan jinis ubarampe migunakake konsep miturut Danandjaja (2007:1-2) yaiku ngenani folklor kang nduweni teges saperangan kabudayan kang salah sawijine sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun tenurun ing jinis kolektif apa wae kanthi tradhisional, nanging versine bisa beda-beda. Dene ing wujud lesan kanthi migunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu. Tegese, ubarampe minangka babagan kang wis dipercaya sarta disiyapake dening warga.

Ngenani makna migunakake konsep miturut Fisher (sajrone Sobur, 2015:19) yaiku konsep kang abstrak kang ana ing sajrone dhiri manungsa. Dadi, makna nduweni konsep kang ana lan tuwuh saka pamikire manungsa. Makna kasebut nduweni pangajab kang becik kanggo lumakune Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki.

Banjur, ngenani fungsi migunakake konsep miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 2007:19) saka fungsi utamane diperang dadi papat, yaiku: 1) sistem proyeksi, 2) piranti kang digunakake kanggo ngesahake pranata-pranata sarta lembaga-lembaga kabudayan, 3) piranti kanggo sarana pendhidhikan, 4) piranti kang digunakake kanggo pameksan sarta pengawas supaya norma-norma digugu dening masyarakat. Saliyane fungsi utama, uga ana fungsi liya, yaiku ana 1) piranti hiburan, 2) piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 3) fungsi solidaritas sosial, 4) kanggo nglestarike budaya, lan 5) fungsi ekonomi.

Ing pungkasane landhesan analisis kanggo njlentrehake babagan nilai budaya migunakake konsep miturut Djamaris (1993:2) ngandharake yen nilai budaya kang ana gegayutane karo panguripane manungsa iku bisa kaperang dadi telu, yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, nilai budaya gegayutan manungsa marang alam donya, sarta nilai budaya gegayutan manungsa minangka

makhluk sosial. Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci nuduhake nilai budaya kang bisa gegayutan karo manungsa liyane.

## **METODHE PANLITEN**

### **3.1 Ancangan Panliten**

Panliten iki migunakake metodhe dheskriptif kualitatif amarga sumber dhata saka panliten iki arupa dhata lesan informan kang ditranskrip dadi dhata tulis. Dhata kang diklumpukake tetembungan lan panliti minangka instrumen panliten kang nindakake panliten ing lapangan. Dhata panliten asipat kualitatif yaiku arupa asil saka wawancara (dhata lesan), banjur disalin dadi dhata tulis. Minangka jinis dheskriptif kanthi cara ndheskripsikake makna sawijine objek kang dadi kajian sawijine panliten.

### **3.3 Objek lan Papan Panliten**

Objek kang digunakake yaiku tradhisi ruwat dhusun. Tradhisi ruwat dhusun kang dienggo yaiku ciri khas saka tradhisi ruwat dhusun kang ana ing Dhusun Sukci. Panliten iki panggonane ana ing Pundhen Prasasti Cungglang. Pundhen Prasasti Cungglang iki manggon ing Dhusun Sukci, Desa Bulusari, Kecamatan Gempol, Kabupaten Pasuruan. Pasuruan yaiku salah sawijine Kabupaten kang ana ing Provinsi Jawa Timur. Dhusun Sukci dhewe kalebu salah sawijine dhusun kang ana ing Desa Bulusari, Kecamatan Gempol.

### **3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten**

Panliten iki pikantuk sumber dhata lan dhata panliten saka informan, yaiku:

#### **3.3.1 Sumber Dhata Panliten**

Sumber kang menehi informasi marang panliti iku diarani sumber dhata. Lofland (sajrone Moleong, 2017:153) njlentrehake sumber dhata sajrone panliten iku ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Cara mbedakake kudu dipilih sarta dipilah.

##### **3.3.1.1 Sumber Dhata Primer**

Sumber dhata primer yaiku sumber dhata arupa tetembungan lan tumindak pawongan kang diwawancarai kang dadi sumber dhata primer. Sumber dhata primer dicathet lumantar cathethan tulis utawa lumantar ngrekam. Sumber dhata primer iki nduweni kalungguhan wigati. Sumber dhata primer sajrone panliten iki, yaiku: (1) Bapak Mistari minangka juru kunci Pundhen Prasasti Cungglang; (2) Mbah Karto minangka sesepuh Dhusun Sukci; (3) Bapak Subakti minangka ketua panitiya; lan (4) Bapak Wagiman minangka salah sawijine Ketua RT.

##### **3.3.1.2 Sumber Dhata Sekunder**

Sumber dhata sekunder yaiku sumber dhata kanggo nambahi sumber dhata primer supaya luwih jangkup. Sumber dhata sekunder iki minangka

payengkuyung kanggo njangkepi informasi kang diolehake arupa rekaman wawancara saka masyarakat kang ngleksanani kaya dene Bapak Mujiadi minangka Bapak RW, Bapak Toni Hartono, lan Ibu Maimunah. Sumber-sumber kasebut diolah kanthi tenanan supaya pikantuk dhata kaya apa kang dikarepake.

#### **3.3.2 Dhata Panliten**

Dhata sajrone panliten iki diperang dadi loro yaiku dhata lesan lan dhata ora lesan (Purhantara, 2010:79). Dhata ing kene diasilake saka ngamati, dhokumentasi, wawancara lan rekaman karo informan.

##### **3.3.2.1 Dhata Lesan**

Dhata lesan arupa tetembungan saka pawongan kang diwawancarai minangka sumber dhata utama. Tetembungan kasebut yaiku tetembungan kang dituturake dening informan. Asil saka panliten kang dadi dhata lesan yaiku apa wae tetembungan saka asil wawancara karo informan primer (Bapak Mistari, Mbah Karto, Bapak Wagiman, Bapak Mujiadi, Bapak Imam, lan Bapak Subakti) uga saka informan sekunder (Bapak Toni Hartono, lan Ibu Maimunah) kang dianggep mangerteni.

##### **3.3.2.2 Dhata Ora Lesan**

Dhata ora lesan arupa dhata tulis awujud gambar, grafik, lan tabel. Gambar minangka dhata kang dadi pambiyantu panliti kanggo ngasilake gambaran ngenani objek. Wujud gambar minangka asil panliten kayata poto ubarampe, adicara, Pundhen Prasasti Cungglang, lan sapanunggalane. Poto kasebut minangka gegambaran saka objek kang diteliti lan sarana pambiyantu panliti kanggo nganalisis dhata. Tabel kang dadi dhata sajrone panliten yaiku tabel ngenani monografi wilayah Dhusun Sukci kang bisa menehi informasi kayata cacahé pendhudhuk, struktur pamarentahan, tingkat pendhidhikan, lan liya-liyane.

## **3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata**

Tatacara nglumpukake dhata bakal diandharake ing ngisor iki.

### **3.4.1 Observasi**

Miturut Sudikan (2001:112) salah sawijine jinis observasi yaiku ndeleng langsung kedadayan kang ana ing lapangan. Tatacara observasi ing panliten iki, yaiku: (1) panliti teka ing panggonan kang nindakake; (2) panliti ndeleng kedadayan kanthi langsung ing saben-saben tata lakune; (3) panliti njupuk dhokumentasi kang ana sesambungane; lan (4) panliti nyathet apa kang dirasa prelu lan ana sesambungane karo panliten.

### **3.4.2 Wawancara**

Sudikan (2001:90) ngandharake ngenani wawancara iku tatacara kang digunakake kanggo nglumpukake katrangan-katrangan utawa dhata babagan panguripan manungsa ing bebrayan. Wawancara sajrone panliten iki migunakake wawancara terstruktur, yaiku: (1)



nysusun catethan pitakonan; (2) nemtokake papan lan dina; (3) panliti teka ana ing papan kang wis ditemtokake; lan (4) panliti nyathet bab-bab kang wigati.

### 3.4.3 Dhokumentasi

Dhokumentasi ditindakake supaya pikantuk gambaran kanthi umum ngenani lokasi utawa dhata-dhata kang wis diklumpukake sadurunge. Dhata panliten iki awujud foto minangka dhata pelengkap gambaran objek. Tatacara dhokumentasi, yaiku: (1) panliti teka ing papan panggonan; (2) panliti ndeleng kanthi langsung; lan (3) panliti njupuk gambar kagiyatan.

### 3.4.4 Teknik Transkripsi Dhata

Teknik transkripsi dhata iki nggawe prinsip dening Hutomo yaiku nggawe prinsip mindah kanthi setya. Prinsip iki migunakake tembung-tembung kang dituturake informan kabeh dipindah dadi tulisan kang dibenerake lan diwenehi tandha waca. Asil saka dhata ing metodhe iki yaiku arupa teks wawancara saka informan.

### 3.5 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sakabehane piranti kang digunakake panliti sajrone kagiyatan nglumpukake dhata (Arikunto, 2010:227). Miturut Sugiyono (2008:102), instrumen panliten yaiku piranti kanggo ngliti babagan kedadeyan alam lan solah bawane manungsa. Panemu liyane yaiku saka Moleong (2017:168) menawa instrumen iki piranti kang digunakake kanggo nglumpukake dhata saengga bisa dijupuk dudutan menawa instrumen panliten iki dadi panyengkuyung banget nalika ngleksanani panliten ing lapangan. Panliten iki kalebu panliten lapangan. Ing babagan instrumen panliten iki, manungsa minangka panliti. Sajrone panliten iki panliti uga minangka punjere instrumen panliten, nanging saliyané nindakake panliten ana saperangan piranti kanggo kabutuhan panliten, yaiku: (1) panliti minangka instrumen panliten; (2) nyiyapake lembar observasi; (3) dhaptar pitakonan; lan (4) piranti pambiyantu panliten.

### 3.6 Keabsahan Dhata

*Triangulasi* sumber dhata digunakake kanggo nggoleki narasumber kang mangerteni ngenani tradhisi iki. Panliti uga nindakake *triangulasi* metodhe kanthi cara observasi lan dhokumentasi kanggo njangkepi dhata. *Triangulasi* kang pungkasan yaiku ditindakake kanthi cara dhata-dhata kang diklumpukake dianalisis migunakake teori lan konsep kang gayut karo masalah kang dirembug.

*Peer briefing* dhata digunakake kanggo mriksa lan nguji asil panliten kang bener. Panliti menahi dhata kang wis disusun marang informan supaya ora ana salah tampa antarane panliti lan informan.. Nindakake *member check* lan *audit trial* yaiku mriksa dhata kang isih mentah kaya

dene asil rekaman, dhokumentasi, lan foto. Panliti migunakake cara kanthi dhiskusi karo dhosen pembimbing supaya ana kritik lan saran kang mangun sakripsi iki.

### 3.7 Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata migunakake analisis dheskriptif. Analisis dheskriptif iku dhata asale saka wawancara ing lapangan. Tatacara, yaiku: (1) panliti nyathet uga nglumpukake sekabehane dhata; (2) panliten iki dilakoni migunakake cara wawancara lan nganalisis; (3) dhata-dhata diperang adhedhasar guna lan perkara; (4) ditranskripsi; (5) ngandharake kanthi luwih cetha; lan (6) pungkasane diandharake ngenani dudutan.

### 3.8 Tatacara Nyuguhake Dhata

Tatacara nyuguhake dhata bakal disuguhake kayata, BAB I : Ngandharake ngenani lima perangan, yaiku lelandhesan panliten, underane panliten, ancasa panliten, paedahe panliten, lan wewatesane panliten. BAB II : Ngandharake ngenani sanga perangan, yaiku panliten kang saemper, konsep masyarakat, konsep kabudayan Jawa, konsep tradhisi, konsep folklor, konsep makna simbol, konsep fungsi, konsep nilai budaya, lan landhesan analisis. BAB III : Ngandharake ngenani wolu perangan, yaiku ancangan panliten, objek lan papan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, tatacara nglumpukake dhata, instrumen panliten, keabsahan dhata, teknis analisis dhata, lan tatacara nyuguhake dhata. BAB IV : Ngandharake ngenani perangan andharan lan jlentrehake dhata asil panliten saka underane panliten, yaiku ngenani etnografi Desa Bulusari, mula bukane, tata lakune, ubarampe, makna, fungsi, sarta nilai budaya. BAB V : Ngandharake ngenani dudutan lan pamrayoga.

## ANDHARAN ASIL PANLITEN

### 4.1 Etnografi Desa Bulusari

Etnografi yaiku salah sawijine metodhe panliten kang kalebu kualitatif (Spradley, 1997:11). Bakal diandharake ing ngisor iki.

#### 4.1.1 Kahanan Alam Desa Bulusari

Desa Bulusari salah sawijine desa ing Kecamatan Gempol, Kabupaten Pasuruan. Ambane yaiku 371,20 Ha. Wewatesane wilayah ing sisih Lor karo Desa Kejapanan, sisih Kidul karo Desa Jerukpurut, sisih Kulon karo Desa Watukosek, dene sisih Wetan karo Desa Karangrejo. Wewatesane Desa Bulusari saka sisih Lor, Kidul, Kulon, lan Wetan kabeh ana ing Kecamatan Gempol. Kahanan geografis yaiku lemah sabin ambane 155 Ha, lemah tegal 65,20 Ha, lemah pemukiman 98 Ha, lemah wana 23 Ha, lan liya-liyane ambane 30 Ha. Desa Bulusari nduweni



jarak saka pusat pamarentahan desa, yaiku saka pamarentahan kecamatan 2 Km, pamarentahan kabupateme 26 Km, ibukota provinsi 37 Km, pamarentahan kota administrasi 26 Km, jarak menyang puskesmas 5 Km, dene jarak Puskesmas Polindes menyang RSUD 10 Km.

#### **4.1.2 Kahanan Desa Bulusari**

Kahanan-keahanan ngenani Desa Bulusari bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

##### **4.1.2.1 Struktur Pamarentah Desa Bulusari**

Masyarakat Desa Bulusari dipandhegani dening Kepala Desa utawa Kades. Kades nduweni tanggungjawab ing sakabehane kang ana ing desa. Sanisore Kades ana Kasun utawa Kepala Dhusun kang mandhegani dhusun. Ing saben dhusun, ana Kepala RT lan Kepala RW. Modin yaiku perangkat desa kang ngurusi babagan adicara temanten lan tilar donya. Dene kaur iki kena diarani staf. Mula saka iku, dhata ngenani struktur pamong desa kayadene kaur pamarentahan, kaur kesrah, kaur umum, kaur pamangunan, ketua BPD, lan ketua linmas uga perangkat kang nduwe pakaryan wigati ing desa prelu kanggo dimangerteni.

##### **4.1.2.2 Pendhudhuk Desa Bulusari**

Dhata demografi dioleh saka Kantor Kepala Desa Bulusari nuduhake cacah pendhudhuk ana 2711 KK. Cacah sakabehane 7520 jiwa, priya 3789 jiwa, dene wanita 3731 jiwa. Cacah sakabehane kajupuk nalika taun 2019. Dhusun Bulu 612 jiwa, Sukci 739 jiwa, Pakem 595 jiwa, Jembrung 1 434 jiwa, Jembrung 2 905 jiwa, Sumber Pandan 497 jiwa, Bendo Munggal 222 jiwa, Jati Pentongan 521 jiwa, Jurang Pelen Tegal 546 jiwa, Jurang Pelen 1449 jiwa, lan Dhusun Blimbing 995 jiwa.

##### **4.1.2.3 Pendhidhikan Masyarakat Desa Bulusari**

Pendhidhikan yaiku salah sawijine kahanan kang bisa nemtokake pola pikire masyarakat. Desa Bulusari kalebu desa kang cukup maju tinimbang desa-desa liyane nalika dideleng saka tingkat pendhidhikane. Akeh masyarakat kang wis bisa maca aksara lan ngutamakake pendhidhikan sekolahan. Masyarakat Desa Bulusari luwih ngutamakake pendhidhikan putra-putrine. Pamikire masyarakat Desa Bulusari wigati marang pendhidhikan putra-putrine ing mangsa mengarep. Sekolahan PAUD 2 sekolah, TK 4 sekolah, SD/MI 3 sekolah, lan SMP 1 sekolah. Dideleng saka gedhung sekolahan ing Desa Bulusari wis oleh kawigaten masyarakat kanggo pendhidhikan. Tingkat pendhidhikan SMU/SMK minangka tingkat pendhidhikan kang paling akeh.

##### **4.1.2.4 Pangupajiwa Masyarakat Desa Bulusari**

Kahanan Desa Bulusari kang panas, nanging ana dhaerah kang isih asri amarga anane sawah kang subur ndadekake warga makarya dadi buruh tani. Nanging, saya suwe sawah-sawah kasebut sithik-sithik saya ilang amarga

diwangun pemukiman warga saengga pangupajiwane akeh kang kerja dadi liyane. Desa Bulusari uga cedhak wilayah industri amarga dalan akses cedhak kutha. Ana kang nyambut gawe dadi wiraswasta, pabrik, mbecak, lan liya-liyane. Pegawai negeri utawa guru uga dadi pakaryane masyarakat kang nduweni dhuwit linuwih kanggo sekolah. Pangupajiwa pendhudhuk Desa Bulusari kang paling akeh yaiku nyambut gawe karyawan perusahaan/pabrik.

##### **4.1.2.5 Agama Masyarakat Desa Bulusari**

Masyarakat Desa Bulusari akeh kang agama Islam. Bukti kang mujudake kahanane agama Islam yaiku akeh wangunan ibadah kanggo masyarakat kang ngugemi agama Islam. Wangunan mesjid kang diduweni masyarakat Desa Bulusari ana 11. Saliyane iku uga ana mushollah kang cacah 30. Banjur, ana klenteng kang cacah 1. Senadyan masyarakat Desa Bulusari paling akeh kang ngugemi agama Islam, nanging masyarakat iki isih njaga kahanan tradhisi lan kabudayan kang ditindakake dening sesepuh kang wis marisake tradhisi lan kabudayan.

##### **4.1.2.6 Gegayutane Kahanan karo Tradhisi Ruwat Dhusun**

Gegayutane kahanan kang ana ing Desa Bulusari sejatine nduweni pangaribawa karo Tradhisi Ruwat Dhusun. Sakabehane kahanan kang ana ing Desa Bulusari iku tansah gegayutan sarta wigati banget tumrap tradhisi ing mangsa mengarep. Tradhisi sejatine nduweni pangaribawa tumrap kapitayan kang diduweni masyarakat kang wis kalaksanaan kanthi cara turun temurun. Saka babagan kasebut bisa ndadekake tradhisi luwih dilestarikake sarta diuri-uri masyarakat mligine masyarakat Desa Bulusari supaya ora kalindhik kabudayan-kabudayan saka manca.

## **4.2 Mula Bukane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Ing ngisor iki, bakal diandharake ngenani sejarah Pundhen Prasasti Cungglang lan mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.

### **4.2.1 Sejarah Pundhen Prasasti Cungglang**

Cungglang sejatine wujud saka jeneng dhusun kang kalebu papan pandunungane Prasasti Cungglang iki. Diwenehi jeneng Pundhen Prasasti Cungglang amarga papan padunungane ana ing Dhusun Cungglang.

*“Kalau sejarah prasastinya itu peninggalan Mpu Sindok tahun 850 Saka atau 929 Masehi hari Jumat Pahing tanggal 18 September. Diberi nama Cungglang karena terdapat di Dusun Cungglang, nama dhusun ini dulunya.”* (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Jarwane:

*“Menawa sejarah prasastine iku paninggalan Mpu Sindok taun 850 Saka utawa 929 Masehi dina Jemuwah Pahing tanggal 18 September.*

Diwenehi jeneng Cungggrang amarga ana ing Dhusun Cungggrang, jeneng dhusun iki dhek jaman biyen.” (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Saka pamawas ing ndhuwur nuduhake yen panggon Pundhen Prasasti Cungggrang iku ana ing Dhusun Cungggrang kang saiki jenenge dadi Dhusun Sukci. Babagan kasebut kang ndadekake prasasti kasebut dijenengi Prasasti Cungggrang. Prasasti iki kagolong prasasti kang tuwa ing Jawa Timur. Prasasti Cungggrang iki dadi pratandha kanggo Kabupaten Pasuruan saengga Hari Jadi Kabupaten Pasuruan dijupuk saka tanggal anane Prasasti Cungggrang. Prasasti Cungggrang iki nyritakake ngenani dhaerah sima utawa dhaerah kang bebas saka pajak kang ditulis dening Mpu Sindok. Pundhen Prasasti Cungggrang kasebut ana ing jaman Mataram Kuna.

#### **4.2.2 Mula Bukane Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki minangka pakulinan kanthi turun temurun kang asale saka masyarakat dhewe. Masyarakat percaya yen Pundhen Prasasti Cungggrang minangka panggon kang cocok kanggo ngleksanani tradhisi iki amarga dianggap sakral sarta nduweni nilai sejarah.

“Menawi rumiyen niku sing mantun panen raya langsung ngadakaken ruwat dhusun saben setaun sapisan. Wonten bancakan, biyasane nanggap wayang. Saka desa-desa liyane ya akeh sing teka.” (Mbah Karto, 26 Januari 2020)

Pethikan wawancara ing ndhuwur salah sawijine tradhisi warisan saka leluhur kudu tansah dijaga sarta dilestarikake dening bebrayan. Nalikane ngleksanani, mesthi akeh banget kang teka, saka masyarakat Dhusun Sukci dhewe uga ana saka desa-desa sanjabane Desa Bulusari. Sakabehane adicara tradhisi kang ditindakake dadi kawigatene masyarakat panyengkuyunge.

#### **4.3 Tata Laku Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani tata laku Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.

##### **4.3.1 Titi Siyaga Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Titi siyaga yaiku babagan wiwitan kang dilakoni sadurunge nindakake adicara. Babagan sajrone titi siyaga yaiku musyawarah utawa rembukan antarane perangkat desa, sesepuh, sarta saperangan warga kanggo nggawe rencana lan nata adicara kasebut bakal digawe kaya apa. Musyawarah iki dilakoi kanthi tujuwan supaya bisa lumaku kanthi tumata. Wiwitane saka rembukan iki dipandhegani dening Bapak Pamong Dhusun. Saliyane iku, uga nggawe susunan panitiya. Sawise susunan panitiya ditumata, rembukan dipimpin dening ketua panitiya kang dibacutake nganti rampung.

“Untuk persiapan acaranya itu musyawarah. Terus dari warga nanti ditanya, ditawarkan

acaranya itu apa, maksudnya apa mengadakan hiburan apa enggak. Ternyata itu memang sejak dulu memang ada hiburan, yaitu wayang kulit.” (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Jarwane:

“Kanggo persiapan adicrane iku musyawarah. Banjur saka warga mengko ditakoni, ditawani adicrane iku apa, apa tegese nganakake hiburan apa ora. Nyatane iku pancen wiwit jaman biyen pancen ana hiburan, yaiku wayang kulit.” (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen perangkat dhusun sarta para panyengkuyunge ngleksanani rembukan kanggo nemtokake susunan panitiya. Saliyane iku, uga nggawe rencana ngenani rantaman adicara. Sawise kasusun, bakal ditemtokake uranan swadaya masyarakat. Panitiyane yaiku pawongan saka sabageyan masyarakat kang ditunjuk sarta sanggup kanggo nampa jejibahan kang kudu dilakoni. Senadyan ana susunan panitiya, nanging para warga liyane kang ora kagabung dadi panitiya tetep melu ngewangi lan nyengkuyung supaya warga bisa guyup rukun.

##### **4.3.2 Titi Laksana Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Titi laksana minangka bageyan lumakune adicara. Bakal diandharake ing ngisor iki.

###### **4.3.2.1 Hiburan**

Hiburan ing kene dileksanani wayah dina kapisan ing wayah bengi. Hiburan kang dimaksud yaiku orkesan. Adicara iki panjalukan saka para nom-noman kang kagabung dadi karang taruna. Babagan kasebut ndadekake jejibahan ngenani hiburan orkesan iki diserahkan marang karang taruna.

“Tiap warga dikenakan iuran sebesar Rp75.000. Kekurangannya diambil dari kas dusun. Kalau dulu donatur masuk ke ruwat dusun. Tapi sekarang untuk adik-adik. Jadi, malam hari H itu adik-adik mengadakan orkesan untuk karang taruna.” (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Jarwane:

“Saben warga dikenakake urunan kang gedhene Rp75.000. Kurange dijupuk saka kas dhusun. Yen jaman biyen donatur mlebu menyang ruwat dhusun. Nanging, saiki kanggo adhik-adhik. Dadi, bengi dina H iku adhik-adhik nganakake orkesan kanggo karang taruna.” (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Saka andharan ing ndhuwur bisa dideleng yen adicara iki kalaksanan rong dina. Dina kapisan mung kalaksanan ing wayah bengi wae, kamangka dina kaping loro kalaksanan mulai esuk nganti subuh. Ing dina kapisan ana hiburan kang arupa orkesan. Adicara iki panjalukan saka para nom-noman kang kagabung dadi karang taruna. Jajibahan uga diwenehake dening karang taruna. Ing adicara iki, dhana kang digawe ora saka swadaya

masyarakat, nanging saka donatur lan penggalangan dhana saka pihak liyane.

#### 4.3.2.2 Qataman

Maca Al-Qur'an iku saperangan kang wigati kanggo warga Desa Bulusari. Masyarakat Dhusun Sukci nglaksanani qataman Al-Qur'an minangka wujud kanggo aspek religius. Senadyan adicara tradhisi, nanging isih ana wujud religi ing sajrone.

*"Kalau qataman itu biarpun seperti acara kajawen, tapi disini banyak orang yang beragama Islam. Yang qataman ya silahkan. Jadi, tidak ada yang pro dan kontra. Sama-sama berjalan saja."* (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)  
Jarwane:

"Yen qataman iku kan senadyan kayata adicara kajawen, nanging ing kene akeh pawongan kang nduweni agama Islam. Kang ngleksanani qataman ya mangga wae. Dadi, kan ora ana kang pro lan kontra. Padha-padha mlaku wae." (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Qataman Al-Qur'an iki dileksanani ing dina kaloro wayah esuk. Adicara iki dileksanani ing mushollah sacedhake Pundhen Prasasti Cunggurang. Adicara iki bareng karo anane jantung sehat nanging luwih dhisik diwiwiti. Adicara qataman iki diwiwiti tabuh 6 esuk nganti rampung. Para warga kang ora melu adicara iki ana kang menehi panganan uga ngombe kanggo masyarakat kang ngleksanani qataman kasebut.

#### 4.3.2.3 Jantung Sehat

Masyarakat Dhusun Sukci ngleksanani kagiyatan jalan sehat. Ing adicara iki rute kang digawe yaiku muteri Desa Bulusari, panggon kumpul ana ing Pundhen Prasasti Cunggurang, mengko bali maneh ana ing pundhen kasebut. Nalika budhal kumpul, warga nggawa asahan kang dideleh ing Pundhen Prasasti Cunggurang. Asahan kasebut ana sambung rakete karo cacah kupon kang diantuk.

*"Kalau acara Hnya pagi itu selamatan tumpeng, bawa ancak sendiri-sendiri ke punden. Biasanya dari luar dusun itu ada yang datang. Habis acara itu kalau dulu memang tidak ada acara lagi, tapi sekarang ada doorprize berupa sembako."* (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Jarwane:

"Yen adicara Hne esuk iku slametan tumpeng, nggawa ancak dhewe-dhewe menyang pundhen. Biyasane saka njaba dhusun iku ana kang teka. Sawise adicara iku yen biyen pancen ora ana adicara maneh, nanging saiki ana undian arupa sembako." (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen adicara iki akeh kang nyengkuyung. Babagan kasebut bisa dibuktikake saka akehe warga kang teka, ora mung warga Dhusun Sukci, nanging uga saka dhusun liyane. Sawise adicara iki, nalikane wis tekan ana ing pundhen, ana

adicara undian. Undian kang diantuk kasebut hadiahe arupa sembako. Saliyane nduweni guna kang ndadekake sehat uga ngraketake paseduluran antarane warga.

#### 4.3.2.4 Barikan

Barikan ndadekake warga katon guyub rukun. Ora mung warga Dhusun Sukci, nanging saka desa-desa liyane uga akeh kang melu nyengkuyung adicara iki. Babagan kasebut uga ndadekake antarane warga raket karo dhusun liyane. Sapa wae sing gelem melu, disumanggakake.

*"Asahannya macem-macem. Kayak hasil bumi. Ada yang nasi kuning, nasi putih berupa tumpeng, dan lain-lainnya."* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

"Asahane maneka warna. Kayata asil bumi. Ana kang sega kuning, sega putih arupa tumpeng, lan liya-liyane." (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa dimangerteni yen adicara barikan iki minangka adicara adat. Wiwitane asahan kang maneka warna jinise iku mau diklumpukake dening panitian kang wis ana ing pundhen. Nanging, ana pantangan saka asahan kang digawa yaiku ora oleh nggawa asahan kang nggawe lawuh daging lan ora oleh nggawa asahan saka dhuwit kang haram. Bagagan kasebut ndadekake asahan kang digawa nublek ing dalan.

#### 4.3.2.5 Pentas Seni

Pentas seni iki kalaksanan nalikane wayah wengi sawise isya'. Pentas seni yaiku pentas kang nampilake saperangan tampilan saka warga Dhusun Sukci. Pentas seni iki diwiwiti sadurunge pagelaran wayang kulit. Dhana kang digawe saka swadaya masyarakat. Apa wae kreasi kang diduweni, bisa ditampilake.

*"Setelah habis isya' jam 7 itu juga ada dari tari-tarian anak-anak, dari PKK itu terus dilanjutkan dengan lawak, remo, sampai wayang sampai selesai."* (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Jarwane:

"Sawise mari isya' tabuh 7 iku uga ana saka tari-tarian bocah-bocah, saka PKK iku banjur ana dhagelan, remo, nganti wayang nganti rampung." (Bapak, Januari 2020)

Saka pamawas kasebut nuduhake kagiyatan arupa pentas seni bakal narik kawigaten masyarakat kanggo nyengkuyung. Kreasi seni kang diduweni uga ditampilake ana ing pentas seni iki. Saliyane iku uga ana dhagelan kanggo meriahake. Dhagelan kasebut ditanggap saka njaba. Banjur, uga ana tari remo kang dienggo minangka miwiti pagelaran wayang kulit.

#### 4.3.2.6 Wayang Kulit

Wayang kulit dileksanani peng loro. Kaping pisan dileksanani ing wayah awan tabuh siji bar bedug



kang biyasane diarani pentas wayang ruwat sarta ing wayah bengi sawise pentas seni kang diarani pentas wayang kulit. Pagelaran pentas wayang ruwat dadi adicara kang wajib sajrone tradhisi iki. Saben tradhisi kasebut digelar, cok bakal iki ora tau keru.

*“Ya kayak kebiasaan orang di hajatan untuk sandingan itu cok bakal biasanya. Disiapakan cok bakal di taruh di dekat punden. Terus, ada yang buat wayangannya. Itu dikarenakan orang dulu percaya untuk kelancaran acara tradisi ini.”* (Bapak Imam, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Ya kaya kabiasaan wong ing hajatan kanggo sandhingan iku cok bakal biyasane. Disiapake cok bakal kang dideleh ing sacedhake pundhen. Banjur, ana kang digawe wayangane. Iku amarga wong biyen percaya kanggo kalancaran adicara tradhisi iki.”* (Bapak Imam, 26 Januari 2020)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen warga percaya anane tradhisi kanthi turun temurun. Masyarakat kang arep nduwe gawe utawa hajatan isih nindakake tradhisi dedonga lan masang cok bakal kang dideleh ing dhaerahe Prasasti Cunggrang supaya diparingi kalancaran.

#### 4.3.3 Titi Purna Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci

Titi purna sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki yaiku anane laporan pertanggungjawaban. Laporan kasebut dilaksanakake sawise adicara Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci rampung. Kabeh dilaporake menyang rapat pertanggungjawaban iki. Warga uga nuturake apa kang ngrendheti sarta apa kang nyengkuyung tradhisi supaya bisa dadi pasinaon kanggo sabanjure.

*“Kalau susunan panitia ada ketua panitia, terus ada anggota. Biasanya anggota itu ya keseluruhan. Nanti kerjanya bersama gotong royong. Istilahnya itu panitia gotong royong. Yang penting acara kita pertanggungjawaban.”* (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Yen susunan panitia ana ketuwa panitia, banjur ana anggota. Biyasane anggota iku ya sakabehane. Mengko kerjane bebarengan gotong royong. Istilahe iki panitia gotong royong. Kang wigati adicara pertanggungjawaban.”* (Bapak Subakti, 26 Januari 2020)

Bisa dideleng yen kabeh kagiyatan iku disengkuyung bareng, kabeh dadi siji. Gotong royong kudu dileksanani supaya apa kang dadi kekeperan bisa kedadeyan. Menawa adicara rampung, kang dilakoni yaiku pembubaran panitia sarta anane rapat pertanggungjawaban.

#### 4.4 Ubarampe sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci

Ing adicara Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki ana ubarampe kang kudu disiyapake. Ubarampe kang kudu

disiyapake, yaiku 1) sega kuning, 2) tumpeng, 3) pala pendhem, lan 4) cok bakal.

*“Yang disiapkan cok bakal, tumpeng, nasi kuning, dan pala pendhem. Tiap KK bawa asahan.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Kang disiyapake cok bakal, tumpeng, sega kuning, lan pala pendhem. Saben KK nggawa asahan.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Bisa dijupuk dudutan yen Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki kudu nyiyapake ubarampe kang wis ditemtokake yaiku sega kuning, tumpeng, pala pendhem, lan cok bakal. Ubarampe kasebut wis ditemtokake dening para leluhur desa kang ora ana sing keru amarga nduweni makna kang beda antara siji lan sijine.

#### 4.5 Makna sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci

Sakabehane bab ngenani makna sajrone ubarampe iki bakal diandharake ing ngisor iki:

##### 4.5.1 Sega Kuning

Warna kuning dadi lambang emas kang nduweni makna kasugihan. Sega kuning iki nduweni lambang emas, kemakmuran panguripan sarta moral kang luhur.

*“Kalau nasi kuning kan warnanya kuning sehingga diibaratkan seperti emas. Emas itu kan mahal. Jadi, tanda kekayaan. Berarti lambang kekayaan yang sangat melimpah. Lah, dari kekayaan ini kan sebuah berkah yang melimpah.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Yen sega kuning kan wernane kuning saengga diibaratake kayata emas. Emas iku larang. Dadi, tandha kasugihan. Ateges lambang kasugihan kang melimpah. Hla, kasugihan iki berkah kang melimpah.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Anane sega kuning diajab bisa nggawa akeh berkah kasugihan lan menehi kamakmuran panguripan amarga berkah kang melimpah. Bisa dijupuk dudutan, wong Jawa nggawe sega kuning iku kanggo sajian kang mligi. Sega kuning ora mung nduweni makna becik, nanging uga nduweni makna dedonga kanggo wong kang nyengkuyung adicara bagya kasebut.

##### 4.5.2 Tumpeng

Tumpeng sing diwangun dhuwur nggambarake Gusti Kang Maha Kuwasa kang nduweni drajat lan kalungguhane paling dhuwur tinimbang bangsa liyane sarta ora ana kang bisa ngalahake.

*“Kalau tumpeng diibaratkan sebuah gunung kan lancip ya, kuasanya Allah, ibaratnya gitu. Terus ada lauknya itu ibarat sebuah kehidupan manusia.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Yen tumpeng diibaratake gunung kan lancip ya, kuwasane Gusti, ibarate ngono. Banjur, ana*

lawuhe iku ibarate panguripan manungsa.” (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Tumpeng minangka gegambarane panguripane manungsa lan Gusti Kang Maha Kuwasa. Sega kang ana ing ngisore nggambarake manungsa kang cacaha akeh lan nduweni bebrayan kang jembar. Pucuke tumpeng minangka gegambaran saka Gusti Kang Maha Kuwasa kang nglungguhi panggonan paling dhuwur.

#### **4.5.3 Pala Pendhem**

Pala pendhem yaiku panganan tradhisional Jawa kang dijupuk saka sajrone lemah. Tanduran kang asale saka lemah nduweni lambang asal panguripan manungsa kang diciptakake saka lemah lan manungsa uga bakal bali menyang lemah maneh.

*“Kan tumbuh di dalam tanah, diibaratkan kayak kehidupan manusia. Kan manusia diciptakan dari tanah.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Kan cukul ing slemah, ibarate kaya panguripan manungsa. Kan manungsa diciptakake saka lemah.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Wujud pala pendhem nduweni teges kanggo panguripan manungsa kang saderajat lan asale manungsa sejajar utawa ora ana pambada derajat apa maneh kasta.

#### **4.5.4 Cok Bakal**

Cok bakal iki diseleh ana ing sandhinge Prasasti Cunggrang. Tujuwane yaiku supaya ora salah anggone lumaku ing lelakon panguripan iki. Cok bakal minangka salah sawijine ubarampe kang asipat wajib.

*“Sesajen itu dipercaya bisa menjadi pagar. Kan dianggap kesukaan bangsa halus, jadi biar tidak mengganggu.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Sesajen iku dipercaya bisa dadi pager. Kan dianggep kasenengane lelembut, dadi supaya ora ganggu.”* (Ibu Maimunah, 26 Januari 2020)

Cok bakal disajekake marang lelembut utawa bangsa ghaib. Cok bakal dipercaya bisa mageri antarane manungsa lan lelembut supaya ora diganggu dening bangsa alus. Cok bakal disediyakake supaya adicara iki bisa lumaku kanthi lancar.

#### **4.6 Fungsi Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci nduweni fungsi kanggo masyarakat. Fungsi kasebut iki bisa dideleng saka kahanan kang ana ing masyarakat. Fungsi iki ditemokake ana sanga nanging saka fungsi utamane ana papat, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka piranti pendhidhikan, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan supaya bisa nuwuhake rasa taat kanggo anggotate.

Saliyane fungsi utama utawa fungsi pokok kaya kang diandharake miturut Bascom uga ana fungsi liya. Fungsi kasebut ing antarane yaiku ana 1) minangka piranti hiburan, 2) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 3) fungsi solidaritas sosial, 4) nglestarikake budaya, sarta 5) fungsi ekonomi.

*“Fungsinya banyak. Sehingga bermanfaat untuk warga Dhusun Sukci serta untuk warga diluar Dhusun Sukci. Selain sebagai hiburan juga masih banyak lagi.”* (Mbah Karto, 26 Januari 2020)

Jarwane:

*“Fungsine akeh. Saengga nduweni paedah kanggo warga Dhusun Sukci. Saliyane kanggo hiburan uga isih akeh maneh.”* (Mbah Karto, 26 Januari 2020)

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur nuduhake yen tradhisi ditindakake kanthi tujuwan kanggo ngenang jasa para leluhur kang wis ngleksanani iki sadurunge sarta nyuwun keslametan marang Gusti. Masyarakat percaya tradhisi iki nduweni fungsi kang akeh tumrap warga Dhusun Sukci saliyan kanggo fungsi hiburan.

#### **4.7 Nilai Budaya Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci**

Manungsa mbutuhake manungsa liyane kanggo nglakoni urip. Mula, apa kang ditindakake mesthi ana gegayutan karo liyane. Miturut Djamaris (1993:2) ngandharake nilai budaya kang ana gegayutane karo panguripane manungsa iku bisa kaperang dadi telu, yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, nilai budaya gegayutan manungsa marang alam donya, sarta nilai budaya gegayutan manungsa minangka makhluk sosial.

*“Nilai budaya dalam tradisi ini ada keterkaitannya dengan manusia. Bisa dari sisi religius, sosial, dan lain-lain. Nilai-nilai tersebut sudah dipercaya sejak dulu.”* (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Jarwane:

*“Nilai budaya sajrone tradhisi iki ana gegayutane karo manungsa. Bisa saka sisi religius, sosial, lan liya-liyane. Nilai-nilai kasebut wis dipercaya wiwit biyen.”* (Bapak Mistari, 25 Januari 2020)

Nilai budaya sajrone tradhisi iki, yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, nilai budaya gegayutan manungsa marang alam donya, sarta nilai budaya gegayutan manungsa minangka makhluk sosial. Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci nuduhake nilai budaya kang bisa gegayutan manungsa liyane.

#### **PANUTUP**

##### **5.1 Dudutan**

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci minangka folklor setengah lesan kang tuwuh lan ngrembaka ing Dhusun Sukci. Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki mujudake

dheskripsi budaya kang ngandharake nilai-nilai sawijine budaya Jawa kanthi tujuwan kanggo nguri-uri uga ngrembakakake kabudayan Jawa supaya tansah kajaga. Saliyane iku, supaya ora ilang ing jaman-jaman sabanjure lan ora kalah karo budaya-budaya manca kang luwih disenengi bebrayan ing jaman saiki.

Babagan mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun yaiku saka madege Pundhen Prasasti Cungggrang. Tradhisi Ruwat Dhusun nduweni gegayutan pundhen kasebut, yaiku tanggal madege Prasasti Cungggrang kang didadekake Hari Jadi Kabupaten Pasuruan didadekake tanggal ngleksanani Tradhisi Ruwat Dhusun iki. Tradhisi iki minangka upacara kang ditindakake kanthi tujuwan kanggo rasa wujud syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Saliyane iku uga kanggo ngormati perjuwangane para leluhur kang wis ndadekake Desa Bulusari iki saya maju ing jaman biyen. Masyarakat uga nduweni pepenginan supaya diadohake saka sakabehane bebaya utawa balak lan pikantuk keslametan ing panguripan saben dina.

Babagan ngenani tata laku ing adicara Tradhisi Ruwat Dhusun iki dileksanani kanthi rutin saben taun kang manggon ana ing Pundhen Prasasti Cungggrang. Tata laku sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun iki kaperang dadi telu yaiku titi siyaga, titi laksana, lan titi purna. Salah sawijine titi siyaga kang dilakoni sajrone adicara Tradhisi Ruwat Dhusun iki yaiku musyawarah. Dene ing bageyan titi laksana sajrone adicara Tradhisi Ruwat Dhusun ing kene kayata slametan, qataman, wayangan, lan liya-liyane. Pungkasane ana ing titi purna sajrone adicara Tradhisi Ruwat Dhusun iki yaiku rapat pertanggungjawaban.

Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki kudu nyiyapake ubarampe kang wing ditemtokake yaiku sega kuning, tumpeng, pala pendhem, lan cok bakal. Ubarampe kasebut wis ditemtokake dening para leluhur desa kang ora ana sing keru amarga syarat-syarat nduweni makna kang beda antara siji lan sijine. Mula saka iku, ubarampe kasebu kudu disiyapake nalika ngleksanani Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki. Nalikane ubarampe-ubarampe iku ora jangkep, mula bakal ana alangan sajrone ngleksanani Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci.

Ubarampe sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci nduweni sawijine nilai kang luhur. Sakabehane ubarampe sajrone tradhisi nduweni makna lan simbol kang kudu digatekake dening masyarakat. Tujuwane supaya masyarakat Jawa umume lan masyarakat Dhusun Sukci mligine bisa mangerteni makna lan simbol ubarampe sarta nilai kabudayan sajrone adicara iki. Masyarakat kang percaya ngandharake yen anane ubarampe kasebut minangka salah sawijine wujud pakurmatan marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Fungsi Tradhisi Ruwat Dhusun iki Sukci bisa dideleng saka kahanan kang ana ing masyarakat supaya bisa salaras karo apa kang ditumindaki. Fungsi sakrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci iki ditemokake ana sanga nanging saka fungsi utamane ana papat, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku sarana piranti kang dadi benggalaning angen-angen sawijine kolektif, 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka piranti kanggo pendhidhikan bocah-bocah, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan supaya bisa nuwuhake rasa taat kanggo anggotane. Saliyane fungsi utama utawa fungsi pokok kaya kang diandharake miturut Bascom uga ana fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pangembangan analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku ana 1) minangka piranti hiburan, 2) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 3) fungsi solidaritas sosial, 4) kanggo nglestarikake budaya, sarta 5) fungsi ekonomi.

Nilai budaya sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun Sukci kang ana gegayutane karo panguripane manungsa iku bisa kaperang dadi telu, yaiku nilai budaya gegayutan marang Gustine, nilai budaya gegayutan manungsa marang alam donya, sarta nilai budaya gegayutan manungsa minangka makhluk sosial. Tradhisi Ruwat Dhusun nuduhake nilai budaya kang bisa gegayutan manungsa liyane. Mula saka iku, ing kene bisa tuwuh tanpa sengaja lan nduweni fungsi kanggo pedoman urip.

## **5.2 Pamrayoga**

Kabudayan bakal ilang nalika manungsa minangka panyengkuyunge ora gelem nguri uri kabudayane dhewe, mligine kabudayan dhaerah kang awujud folklor setengah lesan. Folklor setengah lesan iki bisa ngrembaka amarga disebarake sarta diwarisake kanthi cara turun temurun kanthi cara gethok tular. Folklor setengah lesan kalebu kabudayan kang gampang ilang tinimbang folklor dudu lesan. Babagan kasebut amarga kurange minat sarta kawigatene para nom-noman tumrap kabudayan kang ana ing dhaerahe. Mula saka iku, kabudayan perlu dilestarikake supaya bisa tetep ngrembaka nganti jaman samangeke.

## **KAPUSTAKAN**

Abadi, I. dan Soebijantoro. 2016. Upacara Adat Ruwatan Bumi Di Kelurahan Winongo Kecamatan Manguharjo Kota Madiun (Latar Sejarah, Nilai-Nilai Filosofis, Dan Potensinya Sebagai Sumber Pembelajaran Sejarah Lokal). *Jurnal Sejarah dan Pembelajarannya*, (Online), Vol 6, Nomor 1, (<http://e->



- [journal.unipma.ac.id/index.php/JA/article/view/883](http://journal.unipma.ac.id/index.php/JA/article/view/883), kaakses 5 Mei 2020).
- Ahmadi, Abu. 1986. *Antropologi Budaya*. Surabaya: CV Pelangi.
- Arikunto, S. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arwati, Yuli. 2018. "Ruwat Desa Di Kelurahan Gunung Salah Kecamatan Wayhalim Bandar Lampung" (<http://digilib.unila.ac.id/30488/13/SKRIPSI%20TANPA%20BAB%20PEMBAHASAN.pdf>) kaakses tanggal 18 November 2019 tabuh 16.20 WIB.
- Basyari, W. I. 2014. Nilai-Nilai Kearifan Lokal (Local Wisdom) Tradisi Memitu Pada Masyarakat Cirebon (Studi Masyarakat Desa Setupatok Kecamatan Mundu). *Edunomic Jurnal Pendidikan Ekonomi*, (Online), Vol 2, Nomor 1, (<http://www.fkipunswagati.ac.id/ejournal/index.php/edunomic/article/view/36>, kaakses 5 Mei 2020).
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesian Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-Lain*. Jakarta: PT. Temprint.
- Dharmojo. 2005. *Sistem Simbol Dalam Munaba Waroben Papua*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Djamaris, E. 1993. *Nilai-nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Nusantara: Sastra Daerah di Sumatera*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Dini, Dalili, Z. 2017. "Tradhisi Ruwat Dhusun Ing Candhi Belahan (Tinting Budaya)" (<https://jurnalmahasiswa.unesa.ac.id/index.php/baradha/article/view/22175>) kaakses tanggal 10 November 2019 tabuh 20.20 WIB.
- Eagleton, T. 2006. *Teori Sastra: Sebuah Pengantar Komprehensif*. Terjemahan oleh Widyawati. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Herusatoto. 1984. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindata Graham Widya.
- Koentjaraningrat. 1988. *Manusia Dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- Moleong, Lexy. 2017. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Muhammad, Ahmad. 2009. "Studi Tentang Tradisi Upacara Ruwat Desa Di Desa Begaganlimo Kecamatan Gondang Kabupaten Mojokerto (Dalam Perspektif Filsafat Nilai Max Scheler)" (<http://digilib.uinsby.ac.id/7843/>) kaakses tanggal 18 November 2019 tabuh 18.30 WIB.
- Neonnub, F.I. dan Habsari, N.T. 2018. Tradisi Adat Methik Pari Di Desa Kalistail Kecamatan Genteng Kabupaten Banyuwangi (Studi Pendekatan Historis). *Jurnal Sejarah dan Pembelajarannya*, (Online), Vol 8, Nomor 1, (<http://ejournal.unipma.ac.id/index.php/JA/article/view/5090>, kaakses 5 Mei 2020).
- Purhantara, Wahyu. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif Untuk Bisnis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Setiadi, D. dan Imswatama, A. 2017. Pola Bilangan Matematis Perhitungan Weton dalam Tradisi Jawa dan Sunda. *Jurnal Penelitian dan Pengembangan Ilmu Administrasi dan Humaniora*, (Online), Vol 7, Nomor 2, (<https://jurnal.ummi.ac.id/index.php/JAD/article/view/42>, kaakses 5 Mei 2020).
- Sobur, Alex. 2015. *Analisis Teks Media Suatu Pengantar Untuk Analisis Semiotik dan Analisis Framing*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Beberapa Teori Sosiologi Tentang Struktur Masyarakat*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Spradley, J.P. 1997. *Metode Etnografi*. Terjemahan oleh Misbah Yulfa Elisabeth. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana Yogya.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa (Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudikan. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulaeman, M. Munadar. 1998. *Ilmu Budaya Basar Suatu Pengantar*. Bandung: Fefika Aditama.
- Suwarni dan Sri Wahyu Widayati. 2005. *Dasar-Dasar Upacara Adat*. Surabaya: Unesa Press.
- Teng, Muhammad Bahar Akkase. 2017. Filsafat Kebudayaan Dan Sastra (Dalam Perspektif Sejarah). *Jurnal Ilmu Budaya*, (Online), Vol 5, Nomor 1, (<http://journal.unhas.ac.id/index.php/jib/article/view/2360>, kaakses 5 Mei 2020).